



PENILAIAN AKHIR TAHUN
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari / Tanggal : Jumat, 9 Juni 2023
Kelas : 5	Waktu : 90 Menit

Wangsulana pitakon – pitakon ing ngisor iki kanthi nulis aksara A, B, C, utawa D miturut wangsulane sing paling trep ing kolom sing wis disedhiyake!

Wacan ngisor iki kanggo soal nomer 1 – 5

Kebun teh Jamus mapan ana ing kutha Ngawi. Papan iki kalebu papan wisata unggulan kang bisa dadi jujugane para wisatawan. Saben wayah preiyan mesthi akeh para wisatawan sing pada plesiran ing papan kene. Saliyane hawane adhem papan iki ugo nyuguhake sesawangan kang endah nyengsemake ati. Nalika para wisatawan mlebu ing papan iki bakal disuguhani wit – witan teh kang ijo royo – royo. Ing papan kono uga ana sawijine sumber lanang lan sumber wadon kang banyune bening tur seger. Mulo ora mokal menawa papan iki dadi asset wisata kang perlu dilestarekake.

1. Wacan ing dhuwur yen dideleng saka isine kalebu jenise teks
 - A. narasi
 - B. deskripsi
 - C. eksposisi
 - D. argumentasi
2. Kebun teh Jamus mapan ana ing kutha
 - A. Madiun
 - B. Nganjuk
 - C. Ngawi
 - D. Malang
3. Saliyane nyuguhake sesawangan wit – witan kang asri, papan iki uga nyuguhani
 - A. warung - warung
 - B. sawah kang amba
 - C. sumber lanang lan sumber wadon
 - D. alas kang wingit
4. Saben wayah preiyan mesthi akeh wisatawan sing pada plesiran ing papan kene. Tembung “plesiran” tegese
 - A. rekreasi
 - B. sinau
 - C. mondhak
 - D. nginep
5. Papan iki rame banget nalika ngepasi
 - A. riyaya
 - B. sekolah
 - C. preiyan
 - D. ulangan

6. Tutut kancaku, bocahe manis. Kancane padha seneng jalaran yen duwe apa – apa kerep didum karo kancane. Ora tau nesu, bocahe pinter tur sregep.
Wacan ing duwur kalebu teks deskripsi
- objektif
 - subjektif
 - spasial
 - spesial
7. Apem iku kalebu panganan tradisional saka Jawa Tengah. Rasane sing legi nanging uga ana kecut – kecut sitik sing gawe apem tambah enak. Ing jaman saiki kue – kue tradisional wes langka amarga saiki wes akeh panganan saka negara liyane sing nyebar ning pirang – pirang wilayah. Teks ing nduwur iku ndeskripsikake panganan sing jenenge
- klepon
 - apem
 - lupis
 - klanting
8. Sing diarani teks dheskripsi iku njlentrehake
- samubarang
 - crita lakon
 - urutan wektu
 - tetembangan
9. Maca wacan seru sing bener, yaiku
- padha karo tulisane
 - swarane sing seru kancane kudu krungu
 - diwaca cepet enggal rampung
 - nganggo lafal lan intonasi sing bener
10. Salah sijine titikane teks dheskripsi yaiku
- kabeh kedadean diurut kanthi urutan wektu
 - pamaca ora bisa ngrasakake utawa ngangen – angen kedadean kang ana
 - pamaca ora bisa nggambarake kedadean
 - nggambarake kedadean kang cetha

Wacanen wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomor 11 – 13!

Sawah ing desaku isih jembar bawera. Galengan kang mbatesi kedhokan siji lan kedhokan liyane kaya klogete ula naga. Sesawangane nyata katon endah sinawang mata. Tandurane ijo royo – royo. Kali – kali banyune isih megung tur bening. Kumricike banyu kang mili nyandhung krikil – krikil cilik. Swarane keprungu kaya iringan musik. Saben dina para tani ngrasa ayem. Ngirit kebo lan sapine saperlu nggaru lan mluku.

11. Ide pokok wacan ing dhuwur yaiku
- tandurane ijo royo - royo
 - sawah ing desaku
 - sawah ing desaku isih jembar
 - nggiring kebo sapine menyang sawah
12. Kebo lan sapi ing karang padhesan bisa digunakake kanggo
- kontes
 - lomba
 - hiburan
 - mluku

13. Sing diarani galengan yaiku
- dalan sing nyambungake desa siji lan liyane
 - sesambungan antarane makhluk urip lan lingkungane
 - tetuwuhan sing iso thukul ing sawah
 - bates antarane kedhokan siji lan sijine sing uga kena kanggo dalan mlaku
14. Rini seneng banget amarga ing taman bisa nyawang kembang maneka warna. Sing luwih nyenengake maneh akeh kupu miber lan menclok ing kembang – kembang. Karangan ing ndhuwur nggambarake kahanan ing
- sekolah
 - pasar
 - kolam renang
 - taman
15. Kebo duwe swara sing seje, biasane mung oeeekk!
- Ukara dheskripsi ing dhuwur nuduhake ana sambungane karo panca driya
- mripat
 - kuping
 - kulit
 - irung
16. Nalika maca teks dheskripsi patrape awak sing bener
- sikile mbegagah
 - sirahe ndingkluk
 - kakean obah
 - ngadeg jejeg
17. Wah, tulisanmu ngenani teks dheskripsi iki apik banget, amarga ... saengga aku kaya – kaya ana ing setengahe desa kuwi.
- Alesan kang trep kanggo ngiseni cecek – cecek ing dhuwur, yaiku
- aku kancamu saengga ngerti kekarepanmu
 - tulisanmu jare bapakku pancen apik
 - nek ora tak alembana kowe mundak nesu
 - babagan sing kok gambarake ing kene trep karo kahanan sanyatane ing desamu
18. Klapa iki padha karo klapa liyane, nanging rupane kuning. Mulane diarani klapa gadhing. Klapa gadhing biasane mung cilik – cilik.
- Deskripsi iki bisa ditampa perang panca driya
- kuping
 - mripat
 - irung
 - kulit
19. Wayah wengi adheme nyekut, enak kemulan brukut.
- Deskripsi iki bisa ditampa perang panca driya
- mripat
 - kuping
 - kulit
 - irung

20. Tembok kelasku dicat kuning. Ing tembok cumanthel gambar – gambar. Bangkune ditata kelompokan. Ing mburi ana tumpukan buku wacan jenenge sudut baca. Miturut jenise paragraf iki klebu deskripsi
- spasial
 - objektif
 - subjektif
 - special
21. Kembang ing taman kae katon endah nanging ambune kok arum jamban. Arum jamban tegese
- wangi banget
 - ganda arum ora ana enteke
 - banger banget
 - gandane arum wangi nengsemake ati
22. Tembung sing sipate nacad / nyemoni / ngilokno marang kahanane liyan diarani
- pepindhan
 - panyandra
 - panyendhu
 - parikan
23. Isine parikan iku manggon ana
- gatra (baris) siji
 - gatra (baris) loro
 - ukara kapisan
 - pedhotan siji
24. Sing guweng lambene, dene kero kuwi
- irunge
 - kupinge
 - tangane
 - mripate
25. Godhong kecipir mrambat kawat
.....
Jangkepe parikan ing nduwur yaiku
- cah kui rembes ora tau raup
 - aja gela wis carane
 - kalah dhisik ora dadi apa
 - najan ora mampir, nanging wis liwat
26. Duwe lambe kok domble wae, ana apa- apa kok dicacat wae. Ukara ing dhuwur sing digaris ngisore diarani
- parikan
 - penyendhu
 - cangkriman
 - panyandra
27. Ciri – cirine pepindhan yaiku
- ngalembana bab – bab kang endah lan becik
 - ana sampiran lan isi
 - kanggo nacad perangane awak
 - ngumpamakake apa wae kang tegese kaya

28. Wong – wong biyen nganggo gondhel gedhe – gedhe nganti kupinge
Tembung panyendhu kanggo ngganepi ukara iki
- dawir
 - gruwung
 - piseng
 - ndower
29. Manuk emprit, menclok godhong tebu
Dadi murid, kudu sregep
- lemu
 - sinau
 - tuku
 - mlayu
30. Gathekne ukara ing ngisor iki, sing kalebu ukara parikan yaiku
- antenge kaya dewi sembrodo
 - godhong klaras godhong kemangi, bocah memelas luruh rezeki
 - pawakane lencir, kulite kuning
 - solahe gandhes luwes
31. Ireng – ireng gorengan kopi
Ati seneng juwara siji
Ukara ireng – ireng gorengan kopi, ing parikan diarani
- bebuka
 - purwankanthi
 - wanda
 - isi
32. Nalika Gathotkaca gugur, Werkudara maju ing peperangan lan ngamuk kaya bantheng
- mlayu
 - ketaton
 - lara
 - abang
33. Lading landhep, ngiris lemper
Bocah sregep, bakal pinter
Parikan ing ndhuwur iki diarani pedhotan
- 4/4, 4/4
 - 4/8, 4/8
 - 8/8, 4/4
 - 8/8, 8/8
34. Ukara ing ngisor iki sing ana tembung panyandrane yaiku
- cilik – cilik gelange karet, isih cilik aja kesed
 - ngamuk kaya bantheng ketaton
 - drijine mucuk eri
 - Pak Bagong brengose njrapang

35.



Alise mlengkung cilik katon apik. Yen dicandra alise

- nduren sajuring
- nanggal sepisan
- ngudup turi
- nawon kemit

36. Liwat tengah sawah ing wayah rina panase kaya mecah – mecahe sirah.
Ing ukara iki ngemu tembung
- panyandra
 - panyendhu
 - parikan
 - pepindhan
37. Saben dina Anang lan Herman tansah tukaran, ya rayahan dolanan, wayah mangan rebutan ajang.
Bocah loro kaya
- banyu karo lengo
 - segara karo pesisir
 - bayu karo segara
 - lengo lan geni
38. Swarane bledheg sing mbarengi udan kaya ...
Tembung pepindhan sing bener kanggo nggenepi ukara ing ndhuwur yaiku
- mbudhegake kuping
 - ngagetake jantung
 - mbelah – belahna bumi
 - mecah – mecahe sirah
39. Yen disawang lembehane Sri Peni katon endah banget, jalaran tangane yen kanggo lembehan
- nawon kemit
 - mblarak sempal
 - merak kesimpir
 - macan luwe
40. Wong – wong tuwo jaman biyen akeh sing bungkok ...
Tembung panyendhu sing bener kanggo ngganepi ukara iki
- lakune
 - dhadhane
 - sikile
 - gegere
41. Eyang kakung ... saking Kalimantan.
- wangsul
 - teka
 - kondor
 - mulih
42. Pakdhe uwis ngombe banyune.
Yen dikramake dadi
- pakdhe sampun ngombe banyunipun
 - pakdhe sampun ngunjuk toyanipun
 - pakdhe sampun mundhut yatranipun
 - pakdhe sampun nyambut yatranipun
43. Mbak Yani ditimbali Bu RT. Ditimbali ngoko lugune
- katimbalan
 - diceluk
 - dipun timbali
 - diutus
44. Ana ing warung, aku tuku cendhol dene ibu ... wos.
- mundhut
 - entuk
 - golek
 - tumbas

